Providence Schools

LEKÒL PIBLIK PROVIDENCE YO
KOMINIKASYON DIJANS: KI SA FANMI YO KA ATANN

Yon sitiyasyon dijans nan lekòl timoun ou an se yon sitiyasyon estresan pou tout paran oswa gadyen legal. Distri Lekòl Piblik Providence pran angajman pou kenbe w enfòme pandan ak aprè ijans yo.

- Pandan yon sitiyasyon ijans tankou fèmen lekòl oswa yon sèn lapolis nan zòn ki toupre yon lekòl, fanmi yo pral resevwa kominike nan 15 minit (nenpòt lè sa posib) atravè mesaj tèks dirèk.
- Sonje ke tout detay yo pa pral disponib byen bonè, paske lidè bilding yo okipe nan asire sekirite elèv ak manm pèsonèl yo.
- Pandan yon sitiyasyon ijans ki dire plis pase yon demi èdtan, fanmi yo pral resevwa yon mesaj tèks ki ajou chak 30 minit ak dènye enfòmasyon ki disponib yo.
- Yo pral voye yon dènye mesaj mizajou lè ijans lan rezoud.
- Lekòl la pral bay tout fanmi yo yon lèt swivi nan lespas 24 èdtan aprè ijans la ak lòt kontèks ensidan an ak detay sou repons lekòl la.

- *Egzèsis pou ijans: Fanmi yo pral resevwa yon tèks kominikasyon nan fen chak jounen lekòl lè yon egzèsis ijans tankou yon egzèsis dife oswa egzèsis evakyasyon. Lekòl yo oblije fè 15 egzèsis ijans chak ane.*

Sa fanmi yo ta dwe fè ak sa yo pa ta dwe fè pandan yon ijans:

Pou sekirite tout moun ki enplike yo ak pou kenbe lòd, nou mande pou fanmi yo respekte rekòmandasyon sa yo pandan yon ijans:

- Asire w enfòmasyon kontak ki nan dosye lekòl timoun ou an toujou ajou pou ka jwenn ou san pèdi tan nan ka yon ijans.
- Pa vini sou kanpis lekòl la. Yon foul moun ka distrè anplwaye yo ak premye sekouris yo nan devwa ki nesesè pou kenbe tout moun an sekirite.
- Pa rele biwo lekòl yo. Anplwaye yo pral san dout okipe ak sitiyasyon ijans lan.
- Pa kontakte elèv oswa manm pèsonèl yo atravè telefòn selilè oswa rezo sosyal. Yo dwe pare pou resevwa enstriksyon nan men yon manm pèsonèl oswa otorite ki sou plas.
- Fè de lekòl la yon sous enfòmasyon ou fè konfyans. Evite fè piblikasyon sou rezo sosyal konsènan ijans lan. Enfòmasyon sou rezo sosyal yo ka pa fyab epi yo gaye byen vit.

Rete Enfòme

PPSD voye kominikasyon ijans atravè aplikasyon mesaj tèks Kinvo. Paran yo otomatikman enskri nan Kinvo lè pitit yo anrejistre pou lekòl. Si ou bezwen enskri pou resevwa mesaj Kinvo, kontakte lekòl timoun ou an oswa ekip sèvis kliyantèl nou an pandan w ap itilize aplikasyon Let's Talk! pou iPhone oswa Android.

SCAN ME

** SE YON ETIDYAN PCTA AN GRAFIKS KI TE KREYE DEPLIYAN SA A!*

Scan here to view a translation in Arabic, Swahili, Khmer, Haitian Creole, & Portuguese. *Escanee aqui para ver una traducción en árabe, swahili, jemer, criollo haitiano y portugués.* Changanua hapa ili kuona tafsiri kwa Kiarabu, Kiswahili, Kikhmer, Kikrioli cha Haiti na Kireno. *Klike isit la pou w wè yon tradiksyon an Arab, Swahili, Khmer, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè.* Escaneie aqui para ver uma tradução em árabe, suaíli, quemer, crioulo haitiano e português.

[illegible]